ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ХЕКІЫНЫГЪЭ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№65 (21.723) ● 2010 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 14, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●
adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

●КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Хуэфащэ пщІэ егъэгуэтын

Правительствэ сыхьэтым хьихьэу Парламентым и Президиумым и зэІуІэм щытепсэлыхьащ Хэку зауэшхуэм къыщыхъа Гекіуэныгъэр илъэс 65-рэ зэрырикъур гъэлъапІэным зыхуэгъэхьазырыным теухуа Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм я Планыр Къэбэрдей-Балькъэрым гъэзэщІа зэрыщыхьум.

КъБР-м УЗЫНШАГЪЭР хьумэнымкІэ и министр **Бицу Вадим** кьызэхуэсахэм яхуиІуэтащ хущхьэуэхэри хьыхьу, ветеранхэм ягъуэт медицинэ Іуэхутхьабзэхэр зыхуэдэр. Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ министр **Тобеев Альберт** зэпэчрихащ ветеранхэр псоми ящыІэ, социальнэ лыготэхэмкІэ кьызэгъэпэщыным тещІыхьа программэр зэрагъэзащІэр.

Хэку зауэшхуэм фэбжь хэзыхарэ абы и ветерану (дзэ хІуньыкьущІэ статускІэ хуагъадхэри хэту) 1506-рэ, хэкІуэда зауэлІхэм я щхьэгъусэхэм Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балькъэрымрэ я законодательствэхэм зэрыщыгъэзывам хуэдизу, социальнэ дэІэпыкьуныгъэ псори и чэзуэм ягъуэт.

«1941-1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм и ветеранхэр псэупІэкІэ кьызэрэпэщыным и Іуэхукіэ» 2008 гъэм накьыгъэм и 7-м Урысей Федерацэм и Президентым кьыдигъэкІа Указ№714-м ипкъ иткІэ, 2005 гъэм гъатхэпэм и 1-м и пэ кьихуэу зи псэупІэр егъэфІэкІуэн ягъэзыгъэтхаэр щІыпІыгъэ блэкІам и 1-м ирихьэлІэу цІыху 25-рэ хьурти, псоми я псэупІэхэр ирагъэфІэкІуащ.

Тюбеев Альберт зэрыжиІамкІэ, я псэупІэр зэрыпэжкІыным кьыхэкІыІ, 2005 гъэм гъатхэпэм и 1-м и уэкьикІэ зезыгъэтхаэр гъатхэпэ кІуам и 30-м хуэзэу цІыхуи 102-рэ мэхъу. Мы илъэсыр икІыху я псэупІэр ирагъэфІэкІуэну абыхъэм псомкІи Іэмал яІэщ.

Тылым щылэжьахэм ящыщу зауэм и ветеран кьэс маэзм сом 459-рэ хухах. Гъатхэпэ блэкІам и 30 лъандэрэ ар цІыху 5805-м яІэрохьэ, апхуэдэу протез-ортопед Іэмэпсымэхэр кьащэхун, я дзэр Іуригъэльхьэн папщІэ льготэхэр ират.

Федеральнэ, республикэ регистрэхмкІэ мазэ кьэс ахьшэ зрату льготэ зиІэхэр щхьэхуэу даІыгъын папщІэ, тумэнищІ и уасэ зыуэ щыт социальнэ зэрызекІэр билет кьыдагъэкІащ. Ар Къэбэрдей-Балькъэрым и щІыналъэм псомкІи зэхуэдэу щыІэ кьаІэ пассажир транспортым кьыщагъэсэбэн.

Къэбэрдей-Балькъэрым щыщу зауэм фэбжь хэзыхаэу, абы хэтауэ 1299-рэ 1993 - 2008 гъэхэм федеральнэ, республикэ бюджетхэм я щхьэкІэ автотранспорт хэхакІэ кьызэрагъэпэщащ. ТепІуэнныгъэ Іиным и юбилеим ирихьэлІэу зауэм хэтахэмрэ ныкъудыкІуэ щыхъуахэмрэ зэ етыгъуэу ахьшэкІэ зыщІагъэхьуэнущ. А дэІэпыкьуныгъэр кьыхэкІынущ республикэ бюджетымрэ нэхъыкьэхэр дэІыгъыным теухуауэ ираугъэкІуэкІыну щэбэт щхьэхэрэ.

КъБР-м уэзыншагъэр хьумэнымкІэ и министр Іуэ Вадим тепсэлыхьащ зауэм хэтахэмрэ абы фэбжь хэзыхаэмрэ ягъуэт медицинэ Іуэхутхьабзэхэр зыхуэдэм. Ветеран псоми я уэзыншагъэр кьапщытащ. ЗыкІэлъыплъыпхъэу кьалыытахэм папщІэ поликлиникэхэм махуэ стационархэр кьыщызэІуахащ е езыхэм я унэхэм кІуэзуэрэ хущхьэуэхэр ирахьэлІэ. Апхуэдэу ветеранхэм санаторэхэмрэ курортхэмрэ зэрыкІуэну путевкэхэр ират. Хэку зауэшхуэм хэтахэмрэ ныкьуэдыкьуэ щыхъуахэмрэ федеральнэ программэм тету хущхьэкІэ щхьэхуэу кьызэрагъэпэщ. Щіелэзэ-профилактикэ щащІ Іуэхущапіэхэм щагъэхьэзыра заявкэхэм ятпкъ иткІэ, сымаджэхэр зыхуей хущхьэуэхэр кьыхах. Медицинэм и лэжьакІуэхэм кьалэн щащІащ ветеранхэм я уэзыншагъэр дяпэкІи нэхъ куууэ кьапщытэну, социальнэ дэІэпыкьуныгъэ хуэныкьуэхэр ягъэбелджыдыну.

Президиумым хэтхэм кьагъэльэгъуащ республикэ министрствэхэм лэжьыгъэшхуэ зэрыпэсфІагъэкІар икІи кьэпсэлъахэм упщІэхэмкІэ зыхуагъэзащ. «Захуагъэ здэщыІэ Урысей» парламент фракцэм и унафэщІыр аргуэру щІэупщІащ я псэупІэхэр ирагъэфІэкІуэн папщІэ иджыри кІыхьдэсым зезымыгъэтха ветеранхэм ящІэн хуейм. Тюбеев Альберт кьыІэригъэльэгъуамкІэ, апхуэдэхэм псом япэу Хэку зауэшхуэм зэрыхэтамкІэ статус хэха ямыІэу хьунукьым. Ар кьалъытэмэ, нужькІэ щыпІэ самоуправленэм и органхэм зыхуагъэзапхьащ. Парламентым и Унафэщым и япэ кьуэдзэ **Жаным Руслан** зригъэщІэну хуейт ветеранхэм я псэупІэр егъэфІэкІуэным хуэунэтІауэ районхэм кьэс щекІуэкІ лэжьыгъэр зыхуэдэр. Тюбеев Альберт кьызэрыхэтащ эдамкІэ, республикэм и кьалэ, куей администрацэхэм я Іэтащхьэхэм а Іуэхум гульытэшхуэ хуащІ, Указым щыуб5ыхуаэхэр фІэкІыпІэнщэу ягъэзащІэ.

Президиумым хэтхэм кьащтащ ТекІуэныгъэ Іиныр илъэс 65-рэ зэрырикъум зыхуэгъэхьазырыным ехьэлІа Іуэхугъуэ нэхьыщхьэхэр фІагъ хэлъу икІи нэгъэсауэ Къэбэрдей-Балькъэрым щызэфІэхьныжьмкІэ властым и гъэзэщІакІуэ ІэнатІэхэм кьапэщытхэр щыгъэбелджыла чэнджэщхэм тегуэуа унафэ. Депутатхэм эдэдзэзэуэ кьыхагъэщащ Накьыгъэм и 9-р зэрыщІыхьубэ махуэшхуэр, ауэ псом япэу ар ветеранхэм зарейр, абы кьыхэкІыу ТекІуэныгъэр кьэзыхьахэм дапщэщи хуэфащэ пщІэ яхуэщІын, тыншыпІэ кьахуэзгъэпэщын зэрыхуейр.

БОРОВИНСКАЯ Татьянэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущапіэм и лэжьакІуэ.

●ЕгъэджакІуэм и илъэс

ЩІэблэщІэм трауху э

Налшык дэт Къэрал концерт гъэтхэгъэпІэм мэлыжьыхьым и 17-м щекІуэкІынущ «Ди школыщІэ» лъэпкъ егъэджэныгъэ уэнэгъыныгъэм теухуа зэхьыхьэшхуэ. Абы къырихьэлІэнущ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм хьихьэ субъектхэм егъэджэныгъэ Іэнатіэм щыпэрыт Іэщіагъэлэіхэм я дыкІуэ 450-рэ.

ЩІЫНАЛЪЭМ иегъэджакІуэхэм я апхуэдэ зэІуІэр кьызэгъэпэщыным и жэрдэмщІакІуэщ «Урысейпсо педагогикэ зэхуэсэжьлагъуэ зэгухьэныгъэр. Іуэхур дАІыгъащ УФ-м и Къэрал Думэмрэ КъБР-м и Правительствэмрэ. Зэрыт-рауухамкІэ, егъэджакІуэхэм я щІыналъэпсо зэхуэсым хэтынущ УФ-м и Президентым и Администрацэм и лІыкІуэхэр, Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ министерствэм и Іэщіагъэлэіхэр, Къэрал Думэм и депутатхэр, КъБР-м и Правительствэм хэтхэр.

Іэщіагъэлі куэд кьызэрихьэлІэну зэхьыхьэм и утыку къралъхьэну Іуэхугъуэхэм ящыщу «ЕгъэджэныгъэлъапІэкІэ проектыр, «Ди школыщІэ» унэтІныныгъэр гъащІэм хэпщэныкІэ сэбэп хуэным, иджырей школым зэфІэкІ лъагэ зыбгъэдэтэ ІэщіагъэлІхэр хуэгъэхьэзырыным, егъэджакІуэм и пщІэр жылагъуэм кьыщыІэтыным, гъэсэныгъэ екІуэр зэІэныгъэ кІуэр зыбгъэдэлъ щІэблэ кьэгъэтэджыным ятеухуахэр, нэгъэущІхэри.

КІУЖ Иннэ.

●ТекІуэныгъэ-65

Жыги 100

Прохладнэ къалэ администрацэм и Іэтащхьэ Парфэненкэ Юлие и жэрдэмкІэ абы щокІуэкІ «Ветеранныр уи гъунэгъуу мэпсэу» зыфІаща Іуэху: къалэм кьыщагъэщІэрэщІэж фэеплъхэр. Хэку зауэшхуэм хэкІуэдахэм я къэащхьэхэр, курыт еджапІэхэм лІыхъужьыгъэм и дерсхэр щрагъэкІуэкІ.

КъАЛЭ администрацэм, щІыпІэ самоуправленэмкІэ Советым щылажьэхэр, «Зыуэ щыт Урысей» партым и жэрдэмщІакІуэхэр хэту, кьызэрагъэпэща гупхэр я зэман хьэлъэм зэуахэм, лжьбхэм я деж макІуэри, Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий и Унафэкіэ къыхуагъэфэща медалхэр иратыж. Абыхъм Прохладнэ и жыг хадэхэм щыхасащ жыги 100. «Велес-Агро» акционер обществэм тыгъэ къыхуищІа пхъэхуей 50-мрэ бзыкІу 50-мрэ кьалэр ягъэдэхэнущ, ветеранхэм я фэеплъу щІэблэм зэрахьэнущ.

ПАНФИЛЕНКЭ Людмилэ.

Сом 243.000-рэ

Къэрал кІуэцІ ІуэхуэхмкІэ министерствэу КъБР-м щыІэм сыт щыгъуи гульытэ хэха хуещІ зауэм и ветеранхэм, лІыгъэр хахуагъэпэ кьагъэльагъуэу мамырыгъэ къызыуухуэм.

КъБР-м щыІэ МВД-м и финанс-экономикэ къудамэм и унафэщІ милицэм и полковник Щеберов Павел щыгъуэзэ дызэрищІамкІэ, ТекІуэныгъэ Иным и юбилеим зауэм хэтахэмрэ абы ныкьуэдыкьуэ щыхъуахэмрэ мылъкукІэ зыщІагъэкІуэнущ. Абыхъм сом 125000-рэ ираты нущ.

Зауэм хэтахэм я фызабэхэмрэ ныкьуэдыкьуэхэмрэ сом мин 75-рэ, «Ленинград блокадэм хиубыдащ» дамыгъэр зратахэмрэ тылым щылэжьахэмрэ сом мин 43-рэ яІэрыхьэнущ. Ахьшэр накьыгъэм пенсэм щІыгъуу хуагъэшынущ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Сэтэней.

Къэралыр дэІэпыкъури

●Май куей

ЦІЫХУХЭМ я щхьэр япІыжьыныжьмкІэ Урысейпсо программэмрэ «УФ-м и щІыналъэхэм лэжьыгъэм щыщІэ щытыкІэ ткІийр кьащІагъэщэфэн папщІэ щхьэхуэу зэфІэгъэкІыпхъэхэм федеральнэ бюджетым кьыхэкІыу субсидиехэр яхуэхьыным и Іуэхукіэ» Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэмрэ ябгъ иткІэ, Майкуейм и щІыху 31-м къэрал дэІэпыкъуныгъэ ираты нущ.

Абыхъм ящыщщ Арчаковэ Ольгэ. Зыхуеджамкіэ ІэнатІэ щимыгъэтым, и Іуэху кьыдихьжьыну мурад ищІри, районым щІыхуэхэр лэжьыгъэкІэ кьызэзыгъэпэщ и центрым и чэнджэщкІэ, абы Налшык и медицинэ колледжым «медсестра нэхъыщІэ-массажист» Іэщіагъэр щыхэригъэгъуэщ. Дипломыр кьызэрыІэрыхьэжь, бизнес-план игъэхьэзырри, программэм хьхьащ. Куей администрацэм я Іэнатіэм и дэмэр кьыщыдАІыгъащ. Зыхуей тхьылъхэр зэригъэпэща нэужь, сом мин 58800-рэ зэрыгъэщІащ, Іуэхум сыткІи хуэщІа массажымкІэ пэш ЖБИ-м и общежитым кьыщызэІуихащ.

- Къэралым кьрита ахьшэр Арчаковэ Ольгэ и бизнес-планыр гъэзэщІэным хельхьэ. И хьэрычтыщІэ Іуэхур иригъэжьащи, абы дяпэкІэ гъэзэгу игъэутынущ, - жеІэ куейм щІыхуэр ІэнатІэкІэ кьызэгъэпэщынымкІэ и центрым и унафэщІ Кочетковэ Верэ.

ВЕРЗИЛИН Иван.

●Аруан куей

Псэуалъэр, боуитІыр хьэзырщ

Старэ Шэрэдж къуажэм ІэщІэвыщІэ щагъэшэхну щызэрагъэпэщыж «Бабирус» ООО-м и комплексыр нэхъ мыхьэнэщхуэ зиІэу Аруан районым щагъэзащІэ инвестицІэ проектхэм ящыщу къалъытэ. А гъэжьыгъэм 2007 гъэм щІадзащ.

ІУЭХУМ хуэхаха сом мелуан 42-м щыщу мелуан 18-м нэблагъэр кьагъэсэбэпащ. Псэуалъэм и унашъхьэ яІэтащ, боуитІыр кьызыхуэтыншэу зыхуей хуагъэзащ, трансформаторыр ремонт ящІащ, уэздыгъэхэр фІадзэ, псы кьыщІэзышІыпІэ кьаІри, ар кьыдэзышІеину Іэмэпсымэщэ трагъэуващ, зыхуеину пкъыкьуэхэр кьащэхуащ.

Проектыр хьэзыр хьумэ, илъэсым сом мелуани 107-рэ и уасэ былымылу тонн 550-рэ кьалэжьыныщ. Предприятэм и унафэщІыр и къуэдзэ, мы Іуэхум зи мылъку хэзыльхьа Махуэ Борис зэрыжиІамкІэ, зэгъэпэщыжьыныгъэ лэжьыгъэм кьыдэкІуэу, ІэщІэвыщІэ кьащэхуурэ ягъашхэ. Иджыпсту былым 412-рэ яІэщ, шыщхьэІум а бжыгъэр 750-м, нужькІэ 1000-м нагъэсыну я мурадщ. Мы зэманым Іэщ фермэм щІыху 23-рэ щолажьэ, иджыри 10 кьащтэнущ. Мазэ улахуэр ику ину сом мини 6 - 10 мэхъу.

Аруан район администрацэм и пресс-Іуэхущапіэ.

●Хъыбар гуапэ

Махуэ Билалрэ Урыш Анзоррэ Европэм и чемпионщ!

Апхуэдэ хъыбар гуапэ дыгъуасэ кьикІащ Азербайджаным и кьалащхьэ Баку. Абы щокІуэкІ бэнэкІэ хуитымкІэ, алыдж-урым бэнэкІэмкІэ, цІыхубз бэнэкІэмкІэ европэ чемпионатыр.

БЭНЭКІЭ хуитымкІэ зэхьэзэхуэхэм (килограмм 84-рэ зи хьэлъагъхэм) я деж щытекІуащ икІи мыгъэрей зэхьэзэхуэм япэ дыщэ медалыр ди кьэралым кьыхуихащ адыгэ щІалэ Урыш Анзор. Финалым и пэ кьихуэ зэІуІэ псоми зы очкои щаримыгъэхьу, ар и ныкъуэкъуэгъуэхэм ятекІуащ - Италием щыщ Фасугрэ Антони (3:0, 3:0), алыдж бэнакІуэ Криаридис Григориос (3:0, 6:0), Болгарием кьикІа Ганев Михаил (1:0, 1:0). КІэух зэІуІэм абы кьыщыпэщІэтащ хэгъэрейхэм я бэнакІуэ лъэщ Шарифов Шариф икІи япэ Іыхьэм 3:1-уэ щытекІуэри, икъукІэ дызыщыгуфІыкІа дыщэ медалыр Анзор кьихьащ.

Дыгъуэпшыхь Европэм и чемпион хъуащ нэгъуэщІ ди бэнакІуэ лъэщи - дуней псом и тІэунейрэ чемпион Махуэ Билал. Килограмми 120-рэ зи хьэлъагъхэм я зэхьэзэхуэм абыи зыри кьыщыпэлъэщакъым. Финалым Махуэр щытекІуащ Тыркум щыщ Цакироглу Фатихь.

Ди щІалэ лъэщхэм «афэрым!» яжьдоІэ икІи ди гуапэщ дяпэкІи утыкушхуэхэм текІуэныгъэ куэд кьыщахьыну.

ШЫРЫТ Башир.

Льэпкъ Іуащыгъэ:

Къочэнджэщыр щІэнэкІалъэ умыщІ.

●Тхылъыщ Іэ

«Адыгэхэр»

Адыгэ Республикэм и тхыль тедзапІэм иджыблагъэ кьыщыдэкІащ философием и доктор, щІэныгъэлІ цІэрыІуэ Еджыщ Батырай игъэхьэзыра, «Шэрджэсэр. Адыгэхэр» зыфІища альбом тельыджэ.

ТХЫЛЪЫМ ихуащ XVII - XIX лІэщІыгъуэхэм Европэм щыщ художникхэм шэрджэсхэм тращІыкІа сурэт гъэщІэгъэнэ щитІым нэбдлагъэ. Ахэр авторым ильэс 30-м щІигъуКІэ зэхуихьэсащ. Сурэтхэм щыдольагъу я хахуагъэкІэ, пэжыгъэкІэ, уардагъэкІэ сыт зэмани пщІэ зыхуеізыгъэщІыфу щыта адыгэхэм я льэхьэнэм я псэукІэм и льэныкьуэ куэд: зекІуэлхэм я Іэщэ-фащэхэри, бзылъхъугъэхэм зэрыпэзахуапэу щытахэри, я унэ-льапсэхэм я ухуэкІэри, льэпкъ дауэдапщэхэм щыщ тепльэгъуэхэри, нэгъэущІ куэди.

Альбомыр иджыри зэ щыхьэт тохъуэ адыгэхэм тхыдэ кьулей зэрыдгІэм, ди хабззэхэр, зэхэтыкІэ дахэхэр яфІэгъэщІэгъуну хамэ кьэрал куэдым я щІэныгъэлІхэр, зыпІлъыкьакІуэхэр, сурэтыщІхэр кьыщэрыгкІэльыпльам. Мыкьэнэщхуэ иІэщ сурэтхэм кьыщыгъэльэгъуэхэр, ахэр зыхуэзэ зэманым ди щІыналъэм щыІа щытыкІэр кьыбГурызыгъаІуэ тхылгъэ кІэщІ щыкІуэхэри альбомым зэрритым.

Щэч хэлъкъым зи гугъу тщІы тхылыр зи лэжьыгъэкІэ абы хуэныкьуэ щІэныгъэлІхэм, ІэщіагъэлІхэм я мы-закьуэу, адыгэхэм я кьеІуэкІыкІам, щэнхабзэм нэхъ куууэ щыгъуазэ зыхэщІыну хуей псоми зэрахуэщхьэпэнум.

«Шэрджэсэр. Адыгэхэр» тхылъым и презентацэр пщэдей щекІуэкІынущ Мейкьуапэ и кьалэм дэт Льэпкъ музейм. Абы и уэкькІэ кьызэІуахынущ Еджыдж Батырай зэхуихьэса, адыгэм и тхыдэжьыр кьэзыгъэльагъуэ, ди нэхъыжьхэм я псэупІэ-зекІыгъэр зыгъэбелджылы картэхэм я выставкэ.

ДЖАТОКЪУЭ Залинэ.

●Егъэджакіуэм и илъэс

Щіэблэщіэм трауху э

Налшык дэт Къэрал концерт гъэтхэгъэпІэм мэлыжьыхьым и 17-м щекІуэкІынущ «Ди школыщІэ» лъэпкъ егъэджэныгъэ уэнэгъыныгъэм теухуа зэхьыхьэшхуэ. Абы къырихьэлІэнущ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм хьихьэ субъектхэм егъэджэныгъэ Іэнатіэм щыпэрыт Іэщіагъэлэіхэм я дыкІуэ 450-рэ.

ЩІЫНАЛЪЭМ иегъэджакІуэхэм я апхуэдэ зэІуІэр кьызэгъэпэщыным и жэрдэмщІакІуэщ «Урысейпсо педагогикэ зэхуэсэжьлагъуэ зэгухьэныгъэр. Іуэхур дАІыгъащ УФ-м и Къэрал Думэмрэ КъБР-м и Правительствэмрэ. Зэрыт-рауухамкІэ, егъэджакІуэхэм я щІыналъэпсо зэхуэсым хэтынущ УФ-м и Президентым и Администрацэм и лІыкІуэхэр, Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ министерствэм и Іэщіагъэлэіхэр, Къэрал Думэм и депутатхэр, КъБР-м и Правительствэм хэтхэр.

Іэщіагъэлі куэд кьызэрихьэлІэну зэхьхьэм и утыку къралъхьэну Іуэхугъуэхэм ящыщу «ЕгъэджэныгъэлъапІэкІэ проектыр, «Ди школыщІэ» унэтІныныгъэр гъащІэм хэпщэныкІэ сэбэп хуэным, иджырей школым зэфІэкІ лъагэ зыбгъэдэтэ ІэщіагъэлІхэр хуэгъэхьэзырыным, егъэджакІуэм и пщІэр жылагъуэм кьыщыІэтыным, гъэсэныгъэ екІуэр зэІэныгъэ кІуэр зыбгъэдэлъ щІэблэ кьэгъэтэджыным ятеухуахэр, нэгъэущІхэри.

КІУЖ Иннэ.

●Тхылъ тедзапІэм и ныкьуэдкІэ

Шынагъуэншагъэр кьызэрагъэпэщ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Республикэм терроризм хьэзэщІагъэхэр щалэжьыныр кьызэныкьуэдыным теухуа Іуэхугъуэхэр щрагъэкІуэкІым, Іэщіэ Іэмэсымэу 300-м нэблагъэ кьытрахащ.*

ХАБЗЭМ кьемызэгъыу зэрахьэ Іэщэу 3, шэу 267-рэ, кьагъауэ веществоуэ килограмми 2-м щІигъу кьытрахащ. Уголовнэ Іуэху 58-рэ кьаІэтащ.

УЭРДОКЪУЭ Женэ.

●Электроннэ правительствэ

АДЫГЕЙ. *Иджырей хъыбарегъащІэ технологиехэр зэжьыгъэм кьыщагъэсэбэныр мурадкІэ, Адыгейм информатизациякІэ управленэм кьыщызэрагъэпэщащ.*

«ЭЛЕКТРОННЭ правительствэр» кьызэгъэпэщыныр республикэм и президент ТхьэкІуэшынэ Аслъэнджэрий и нэІэм щІигъэуващ. Къэрал Іуэхутхьабзэхэр жылагъэм я деж нэхьэса хьунымкІэ ар электроннэ щытыкІэм хуэгъэкІуэныр 2015 гъэм ирихьэлІэу зэтраубгъэщ.

Жылагъуэр нэхъ зыхуэныкьуэщ Узыншагъэр хьумэнымкІэ, Лэжьыгъэмрэ ІыкІуэхэр социальнэ и лъэныкьуэкІэ хьумэнымкІэ, Мылькъу зэхущытыкІэхэмкІэ комитетхэм я Іуэхутхьабзэхэр. Электрон щытыкІэр абыхьэм щызэтеублэныр япэ ирагъэщынущ.

Мэкъуурэ Абхъазымрэ я зэпщІэныгъэм зрагъэубгъу

АБХЪАЗ. *Мы гъэм магазем и 17-м «Внешэкономбанк» къэрал корпорацэмрэ «Унивэрсал-банк» комерциякІэ инкьмкІэ гъэдэлъхьэнум теухуа зэгурыІуэныгъэм Мэзкуу Іэ щытрадзауэ щытащ.*

А ДЭФТЭРЫМ инкъ иткІэ банкэм я ІуэхутхьабзэхэмкІэ Урысеймрэ Абхъазымрэ я сату-экономикэ зэпщІэныгъэм зрагъэубгъунущ.

«Внешэкономбанк» корпорацэм и унафэщІ Дмитриев Владимир зи пащэ тупІ Абхъазым щыІащ икІи зэрызэдэлэжьэнум теухуа Іуэхугъуэхэр яубзыхуащ.

●Хабзэм и Іуэхущапіэ

Ди щІалэ лъэщхэм «афэрым!» яжьдоІэ

Ди гуапэщ дяпэкІи утыкушхуэхэм текІуэныгъэ куэд кьыщахьыну.

ШЫРЫТ Башир.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Прохладнэ районым и административнэ центрым теухуауэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым 2003 гъэм шышхьэІум и 8-м кьыдигъэкІа Унафэ №675-ПІ-ПІ-м кьару имыІэжу кьэлытэнымк Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:** «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Прохладнэ районым и административнэ центрым и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым 2003 гъэм шышхьэІум и 8-м кьыдигъэкІа Унафэ №675-ПІ-ПІ-м кьару имыІэжу кьэлытэн.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ и яп кьудэж ЖАНЫМ Руслан

Налшык къалэ
2010 гъэм мазаем и 25-м
№288-ПІ-ПІ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2010 гъэм мазаем и 25-м №42-рп

Урысыей Федерацэм и Президентым «Урысыей Федерацэм Егъэджакіуэм и ильэсыр щегъэкІуэкІыным и Іуэхукі» 2009 гъэм гъатхэпэм и 10-м кьыдигъэкІа Указ №259-м ипкъ иткІэ:

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Егъэджакіуэм и ильэсыр щегъэкІуэкІыным елэжьыну кьызэгъэпэщакІуэ комитет убзыхэм.

2. Кьэштэн мы Унафэм щыгъуэзу:

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Егъэджакіуэм и ильэсыр щегъэкІуэкІыным елэжьыну кьызэгъэпэщакІуэ комитетым хэтхэр;

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Егъэджакіуэм и ильэсыр щегъэкІуэкІыным хиубыдэу кьызэрагъэпэщыну Іуэхущхэр нэхьыщхьэхэм я план (адзкІэ - План)

3. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Финансэхмкіэ и министерствэм Планым кьыщыгъэлъэгуа Іуэхущхэр ирагъэкІуэкІыным текІуэдэну мылькур Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Егъэджакіуэм щІэныгъэмкІэ и министерствэм хиуутІыпщым хуейщ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм 2010 гъэм и республикэ бюджетым и «Егъэджакіуэм щІэныгъэ» Іыхьэм и «Курыт щІэныгъэ етын» Іыхьэ кьуэдзэм щыщу.

3. Мы Унафэр зэрагъэзащІэм кІэлыплІыну и пщэ ильхьэн Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэ ДыщэкІ М. Р.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ і МЕРКУЛОВ Александр

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2010 гъэм мазаем и 25-м кьыдигъэкІа Унафэ №42-рп-мкІэ кьащтащ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм ЕгъэджакІуэм и ильэсыр щегъэкІуэкІыным теухуа КЪЫЗЭГЪЭПЭЩАКІУЭ КОМИТЕТЫМ ХЭТХЭР

ДыщэкІ М. Р. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэр *(кьызэгъэпэщакІуэ комитетым и унафэщІу)*

ЩхьэгъэпсэО С. Хь. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм егъэджакІуэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрыр *(кьызэгъэпэщакІуэ комитетым и унафэщІым и кьуэдзэ)*

Дадэ М. А. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым Егъэджакіуэмкіэ и комитетым и унафэщІр *(зэгурыІуауэ)*

Жаным Р. М. - «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балькъэр щІыналъэ кьудамэм и политсоветым и секретарыр *(зэгурыІуауэ)*

Жэрыкьуэ Б. Хь. - Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм «КІуэкІуэ В. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балькъэр къэрал мэкъумэш академие» щІэныгъэ нэхьыщхьэ щрагъэгъуэт и федеральнэ къэрал Іуэхущ Іапіэм и ректорыр *(зэгурыІуауэ)*

КьаРмырзэ Б. С. - «Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университет» щІэныгъэ нэхьыщхьэ щрагъэгъуэт къэрал Іуэхущ Іапіэм и ректорыр *(зэгурыІуауэ)*

Мамбэт М. Хь. - Шэджэм муниципалнЭ куейм и щІыпІэ администрацэм и унафэщІр *(зэгурыІуауэ)*

Пащты Б. С. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ, жылагъэ зэгухьныгъэхэм яДэлажьэнымрэ щІалэгъуалэ Іуэхухэмкіэ и министрыр

Рахаев А. И. - «ГъуэдзджэхмкІэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институт» щІэныгъэ нэхьыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал Іуэхущ Іапіэм и ректорыр

Тау П. Кь. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и профсоюзхэм я федерацэм и унафэщІр *(зэгурыІуауэ)*

ТхьэгъэпсО Хь. Хь. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и деж щыІэ Жылагъуэ-чэнджэщакІуэ советым и координаторыр *(зэгурыІуауэ)*

Тюбеев А. И. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министрыр

Фыир Р. Б. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм пэнхабзэмкІэ и министрыр

Хьэпэ З. А. - Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Хьэжу В. Щ. - «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и промышленникэмрэ хьэрычэтыщІэхэмрэ я союз» щІыхьэр лэжьыгъэ ІэнатІэкІэ кьызэгъэпэщ щІыналъэ зэгухьныгъэм и унафэщІыр

Лэжьыгъэр хьэмэным хуэунэтІа, ведомствэхэм эздай комиссэм хэтхэм я Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2010 гъэм мазаем и 25-м №12-ІІП

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:**

1. Лэжьыгъэр хьэмэным хуэунэтІа, ведомствэхэм эздай комиссэм мы Унафэм и гуэдэным кьыщыгъэльэгуаэр зэгъэхьэн.

2. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2006 гъэм дыгъэгъазэм и 14-м «Лэжьыгъэр хьэмэным хуэунэтІа, ведомствэхэм эздай комиссэм хэтхэм я Іуэхукіэ» кьищта Унафэ №328-ПІП-м кьару имыІэжу кьэлытэн.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ і МЕРКУЛОВ Александр

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2010 гъэм мазаем и 25-м кьыдигъэкІа Унафэ №12-ІІП-мкІэ кьащтащ

ЛЭЖЬЫГЪЭР ХЬЭМЭНЫМ ХУЭУНЭТІА, ВЕДОМСТВЭХЭМ ЭЗДАЙ КОМИССЭМ ХЭТХЭР

Тюбеев А. И. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министрыр *(ведомствэхэм эздай комиссэм и унафэщІ)*

Голочалов Н. С.- Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министрым и кьудэзэр - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм лэжьыгъэзэхущІыкІэхэмкІэ и департаментым и унафэщІыр *(ведомствэхэм эздай комиссэм и унафэщІым и кьуэдзэщ)*

Жанатаев С. А.- Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым Лэжьыгъэмкіэ, социальнэ политикэмрэ узынщагъэр хьэмэныжьмкІэ и комитетым и унафэщІыр *(ведомствэхэм эздай комиссэм и унафэщІым и кьуэдзэщ) (зэгурыІуауэ)*

Мэремкьуэ А. Н. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Лэжьыгъэмкіэ и къэрал инспекцэм и унафэщІыр - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм лэжьыгъэмкІэ и къэрал инспектор нэхъыщхьэр *(ведомствэхэм эздай комиссэм и унафэщІым и кьуэдзэщ) (зэгурыІуауэ)*

Ахьмэт Л. П.- Къэрал Іуэхущ Іапіэм - Урысей Федерацэм Социальнэ страхованэмкІэ и фондым и щІыналъэ кьудамэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэм - и отделым и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Анкьан Р. Р. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм узынщагъэр хьэмэныжьмкІэ и министрым и кьуэдзэр

Бэлагъы Б. Б. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм промышленностымкІэ, гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министрым и кьуэдзэр - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Промышленностымкіэ, гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министерствэм псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и департаментым и унафэщІыр

Биттиев Кь. Р. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскьыпхъэхэмкІэ и министрым и кьуэдзэр

Горячев В. А. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ и министру Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэм и кьуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

Евтушенко С. В. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Профессиональнэ союзхэм я зэгухьныгъэм и унафэщІм и кьуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

Кучменов ТІ. М. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм уэхныгъэмрэ архитектурэмкІэ и министрым и кьуэдзэр

Мэремкьуэ И. А.- Къэрал статистикэмкІэ федеральнэ Іуэхущ Іапіэм и щыналъэ кьудамэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэм и унафэщІм и кьуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

Отаров Кьу. М. - ЩІыуэпс, технологическэ икІи атомнэ кІэльыпльныгъэмкІэ Федеральнэ Іуэхущ Іапіэм и Курыт-Кавказ управленэм и унафэщІм и кьуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

Пагуэ Ж. А. - Щэхуакіуэхэмрэ цыхухэм я сэбэн зыхэльхэмрэ хьэмэным кІэльыплІь Федеральнэ Іуэхущ Іапіэм и управленэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэм и унафэщІм и кьуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

Папаевэ В. Ю.- Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм и кьудамэм и унафэщІым и кьуэдзэр *(жэуап зыхь секретарщ)*

Теуво Хь. З. - «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и промышленникэмрэ хьэрычэтыщІэхэмрэ я союз» щІыхьэр лэжьыгъэ ІэнатІэкІэ кьызэгъэпэщ щІыналъэ зэгухьныгъэм и унафэщІыр

Урысей МВД-м и Краснодар университетым и кьудамэу Налшык дэтым щекІуэкІа зэІущІэм щытепсэлъыхьащ зи кьаІэн зыгъэзащІэу хэкІуэда хабзэкъуэмэхэм я унагъуэхэм социальнэ и лъэныкъуэкІэ зыщІагъэкъуэным теухуа Іуэхугъуэхэм.

АБЫ ХЭТАЩ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэ **ДыщэкІ Мадинэ**, Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ, Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкІэ, Узынщагъэр хьэмэныжьмкІэ министерствэм, жылагъэ зэгухьныгъэхэм, къалэ, районым ОВД-хэм я лІыкІуэхэр, зи кьаІэн зыгъэзащІэу хэкІуэдахэм я Іыхьлыхэр.

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ министру КъБР-м щыІэм и яп кьудэзэ, милицэм и полковникъ **Жамборэ Наурбий** зэІущІэр кьызэІуихри, гулытэ хэха зыхуэщІыпхъэу пщэрылъ кьыщаІа я кьаІэнхэм кІэщІу кьытеуфыІащ. Апхуэдэущ республикэм и экономикэ, жылагъэ щынагъуэщагъэр кьызэгъэпэщыныр, Іупльхьэ тын-кьеІэхыным, экстремизмэмрэ терроризмэмрэ ебэныныр, цІыхухэм я сэбэп зыхэльхэмрэ я хунтыныгъэхэмрэ хьэмэныр.

Кьызэжуасахэм адэкІэ абы ягу кьигъэкІыжащ нужь иІэсхэм я кьаІэн ягъэзащІэу хабзэхьумэу 150-рэ зэрауІкІар. Абыхэм я фэепльыр мыкІуэдыжьын папщІэ зэфІагъэкІахэм кІэщІу кьытеувыІащ.

Министрым и кьуэдзэм кьызэрыхигъэщащи, 2008 гъэм Фэеплъ аІее кьызэІуахащ. КъБР-м и Президентым и жэрдэмкІэ жэпуэгъуэм и 13-р къарузехьэ ІэнатІэхэм я лжьхькІуэу хэкІуэдахэм я Фэеплъ махуэу ягъэуващ. ЛІыхьужьхэм я цІэр кьужьохэм я уэрам 11-м, еджапІэу 2-м фІащащ, хэкІуэдахэм ящыщу 27-м орденхэмрэ медалхэмрэ хуагъэфэщащ. КІарэ Анатолэ Урысейм и ЛІыхьужь цІэр кьыфІащащ.

АдэкІэ Жамборэ Наурбий я лжьхьэгу кьызэІуихри, гулытэ хэха зыхуэщІыпхъэу ящыщ, - жиІащ **ДыщэкІ Мадинэ** кьызэхуэсахэм защыхуигъаззэм.

Хабзэхьумэ органхэм я ветеранхэм я Советым и унафэщэ **Думай Борис** ТекІуэныгъэ Иным ехьэлІауэ ирагъэкІуэкІыну Іуэ хугъуэхэм кьытеувыІащ. Абы кьызэрыхигъащамкІэ, Хэку зауэшхэм хэта хабзэхьумэхэм ящыщу иджыпсту кьадэгъуэгурыкІуэр 20 мэхъу. Республикэ милицэм и унафэщІхэмрэ ветеран советымрэ я жэрдэмкІэ Текіуэныгъэ Иным ирихьэлІэу абыхэм яхуэзэфІэкІ псомкІи зыщІагъэкъуэнущ.

- Хэку зауэшхэм и ветеранхэм я советхэм я зэпеуэ екіуэкіри, нэхъыфІхэр яубзыхуащ. Абыхэм ящыщ Иплъмей кьуажэм и ветеранхэм я зэгухьныгъэм и унафэщІ, нэхъыжьхэм я чэнджэщэгъуфІу, щІэблэм я щинякІуэу щыта У эрдокьуэ Мухьэмэд дунейм ехыжащ. Зауэлыгъэм и илъэсхэм зи кьаурэр зи гуащІэрэ емыблэжу мамырыгъэр кьэитхуэзыхьауэ псэужэкІэ кІуэ пэтми нэхъ мащІэ мэхъу. ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 65-рэ щрикьу мазхуэшхуэр кьэблэгъащ икІи нобэ кьытхэтыжкъэр гулыытэнщэу кьэбгъанэ хьунэкьым, - жиІащ Думаим.

Хэкіуэдахэм я унагъуэхэм ящыщу зэІущІэм кьрагъэблагъахэм республикэм, КъБР-м щыІэ МВД-м я унафэщІхэм кьыхуащІ гулытэм папщІэ фІыщІэ хуащІащ, гукъуэр зиІэхэми утыку кьрахьащ. Хэти псэупІэ кьыщратынум и ящыщу зэрыщІэм курыт школыр кьэзыух и сабийр еджапІэ щІэзэтІысхьа зэрыхьунум щІэупщІащ.

Москаленкэ Виктор и ящыщ и щІэр Іаритхэлэ и уэрамхэм е школхэм ящыщ зым фІащыну кьагъэгуфІати, ар зэфІэха щыхьунум поплъэ. Фигу кьэдгъэкІыжьынщи, милицэм и сержант Москаленкэ Сергей 2005 гъэм мэлыжьыхьым Іэщэкіэ зэщІэузэда бзаджащІэ гупым апэрэм, и кьаІэн игъэзащІэу хэкІуэдауэ щытащ. Урысей Федерацэм и Президентым и Унафэкіэ абы Лыгъэм и орден къыхуагъэфэщащ.

А Іуэхуэри хэкІуэдахэм я унагъуэхэм кьабгъэдэкІа адрей лъэІуэхэри КъБР-м щыІэ МВД-м и унафэщІхэм я кІэщІагъэуваш. хабзэм кьыхэзыгъэкІуэдахэм я Іуэхугъэ зэхаІэ.

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Истамбыл щыпсэуащ, бынхэри щигъуэтащ Куба къуажэм щыщ Джэдмышх Михаил ПІалІ и къуэр

(1926 гъэм къалъхуащ). **Езыр дунейм ехыжамри, ар щыхьу гуапэу, адэжь хэкур фІыуэ ильагъуу зэрыщытар кьудрэ ягу кьагъэкІыж и благъэжэмрэ Іыхьлыхэмрэ.**

Джэдмышх Михаил ПІалІ и Нилгунрэ и къуэ Щамилрэ и гъусэу.

Истамбыл, Босфор псы дэжьыІэм деж. 1957 гъэ.



● ЗэІущІэхэр

Хэкіуэдахэм я унагъуэхэм гулъытэ хуащІ

● КъБР-м и Прокуратурэм

Хабзэм къемызэгъыу къагъэувхэр

**Щыналъэм хэкІыныкІи Балъкъэр Республикэм къызэгъэпэщыным теухуа къыхуеІдэжныгъэхэр ЧФ-м я Конституцэм ещанэ щапхъэм ихи абы щыІэм республикэм щыпсэу гъэпкъэм я зэхуэдэныгъэхэр ЧФ-м и Конституцэм и 65-нэ статьям и 1-нэ Іыхьэм щыналъэщІэр УФ-м хэгъэкъэным икІи абы хэту ар кьызэгъэпэщыным теухуа Іуэхур зэфІагъэкІ конституцэ хабзэм щыналъэщІэр зэрыхагъэхьэ икІи абы хэту ар кьызэрызэрагъэпэщ хабзэм и Іуэхукіэ» Федеральнэ конституцэ закону №6-фКЗ-уэ 2001 гъэм дыгъэгъазэм и 17-м кьыдэкІыжьа п.5-нэ статьям ипкъ иткІэ, Урысей Федерацэм щыналъэщІэ кьызэрызэрагъэпэщ щыхьэнур Урысей Федерацэм и щыналъэхэу зэхуэдэ гъэнапкъэхэр зиІэхэу тІу е кІэхьІбз зэгухьа иужькІэщ.

«Экстремист лэжьыгъэм пэщІэтыным и Іуэхукіэ» УФ-м и Федеральнэ закон №114-ФЗ-уэ 2002 гъэм бадзэуэгъэм и 25-м кьыдэкІам и 1-нэ статьям и 1-нэ Іыхьэм и «А» пунктым ипкъ иткІэ, экстремист унэтІыныгъэ зиІэу къальитэ зэрыгъэзэжьыну ар щыІэуэвэ лжьыгъэр.

Зи гугъу тщІы пэкІи кьыщохьащ УФ-м и щыналъэр зэгуагъэкІыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэу гъэпкъэхэм ятещІыкІыауэ щыналъэр щызэхуэгуэшыным теухуа Іуэхур. Ар УФ-м и Конституцэмрэ Федеральнэ конституцэ закономрэ езэгъыркъым. Апхуэдэу абы кьеІэ КъБР-м и пэпкъэхэр щыІэзэпэщІыхьэрэ зэрыгъэгъэхьэ ихьэ ящыщ. Абы ипкъ иткІэ, 2010 гъэм гъатхэпэм и 8-м екІуэкІа пэкІуэм балъкъэр лъэпкъыр щхьэхуэ щыным теухуа Іуэхур кьыщыгъэтащ.

Урысей Федерацэм и Конституцэм и 65-нэ статьям и етІуанэ Іыхьэм щыналъэщІэр УФ-м хэгъэкъэным икІи абы хэту ар кьызэгъэпэщыным теухуа Іуэхур зэфІагъэкІ конституцэ хабзэм щыналъэщІэр зэрыхагъэхьэ икІи абы хэту ар кьызэрызэрагъэпэщ хабзэм и Іуэхукіэ» Федеральнэ конституцэ закону №6-фКЗ-уэ 2001 гъэм дыгъэгъазэм и 17-м кьыдэкІам и 5-нэ статьям ипкъ иткІэ, Урысей Федерацэм щыналъэщІэ кьызэрызэрагъэпэщ щыхьэнур Урысей Федерацэм и щыналъэхэу зэхуэдэ гъэнапкъэхэр зиІэхэу тІу е кІэхьІбз зэгухьа иужькІэщ.

«Экстремист лэжьыгъэм пэщІэтыным и Іуэхукіэ» УФ-м и Федеральнэ закон №114-ФЗ-уэ 2002 гъэм бадзэуэгъэм и 25-м кьыдэкІам и 1-нэ статьям и «А» пунктым ипкъ иткІэ, экстремист унэтІыныгъэ зиІэу къальитэ зэрыгъэзэжьыну ар щыІэуэвэ лжьыгъэр.

Зи гугъу тщІы пэкІи кьыщохьащ ЧФ-м и щыналъэр зэгуагъэкІыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэу гъэпкъэхэм ятещІыкІыауэ щыналъэр щызэхуэгуэшыным теухуа Іуэхур. Ар ЧФ-м и Конституцэмрэ Федеральнэ конституцэ закономрэ езэгъыркъым. Апхуэдэу абы кьеІэ КъБР-м и пэпкъэхэр щыІэзэпэщІыхьэрэ зэрыгъэгъэхьэ ихьэ ящыщ. Абы ипкъ иткІэ, 2010 гъэм гъатхэпэм и 8-м екІуэкІа пэкІуэм балъкъэр лъэпкъыр щхьэхуэ щыным теухуа Іуэхур кьыщыгъэтащ.

Урысей Федерацэм и Конституцэм и 65-нэ статьям и етІуанэ Іыхьэм щыналъэщІэр УФ-м хэгъэкъэным икІи абы хэту ар кьызэгъэпэщыным теухуа Іуэхур зэфІагъэкІ конституцэ хабзэм щыналъэщІэр зэрыхагъэхьэ икІи абы хэту ар кьызэрызэрагъэпэщ хабзэм и Іуэхукіэ» Федеральнэ конституцэ закону №6-фКЗ-уэ 2001 гъэм дыгъэгъазэм и 17-м кьыдэкІам и 5-нэ статьям ипкъ иткІэ, Урысей Федерацэм щыналъэщІэ кьызэрызэрагъэпэщ щыхьэнур Урысей Федерацэм и щыналъэхэу зэхуэдэ гъэнапкъэхэр зиІэхэу тІу е кІэхьІбз зэгухьа иужькІэщ.

«Экстремист лэжьыгъэм пэщІэтыным и Іуэхукіэ» УФ-м и Федеральнэ закон №114-ФЗ-уэ 2002 гъэм бадзэуэгъэм и 25-м кьыдэкІам и 1-нэ статьям и «А» пунктым ипкъ иткІэ, экстремист унэтІыныгъэ зиІэу къальитэ зэрыгъэзэжьыну ар щыІэуэвэ лжьыгъэр.

Зи гугъу тщІы пэкІи кьыщохьащ УФ-м и щыналъэр зэгуагъэкІыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэу гъэпкъэхэм ятещІыкІыауэ щыналъэр щызэхуэгуэшыным теухуа Іуэхур. Ар У

Махэ къэс

ИЩІАЛЭГЪУЭР зауэм ирихьэлІэу нэщІэбжьэ куэд илъэуами, гъащІэ хьэлэмэт кІиныгъэщІащ техникэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик, Ленинград артиллерие академием и кафедрэм и унафэщІ, генерал-майор Къатхъэн Мухьэмэд.

Уи блэкІар умыщІэу пщэдей блэжьынур пхуэбзыхунукъым, сыту жыпІэмэ узыдэплъеиз, щапхъэрэ бзыпхъэрэ пхуэхъун ухуейщ. Езыр зыдэпльеин, "абы хуэфащэу сыщыгъащэрэт" жыхуиІэн нІэт Мухьэмэд. Ар и адэ Назирт. Революцэм и зэманым адыгэ цІыхубзр бэнэныгъэ гуащІэм кьыхуэзыІэтахэм ящыщт Назир. Граждан зауэр кьыхьеиуэ совет властыр гуэзэрэгъуэ щыхэхуэми, кьэрэхьэлъкъыр аргуэру кьызэщІиІэтэри, революцэр ихьумэжьныр кьызэригъэпащащ. Къэбэрдей щуудзэм и дзэзешэу щыта лы хахуэм и бынхэм я пасЭ имыльэгъуаеми, абыхэм езыр зыщагъэгъэпащ кьым. Ар я псэм хэлъу, ягу щагъафІэу лЫпІэ иувахэщ.

ЦІыхухЭу зыщІхьэщымыгтыж унагъуэр "тыншу псэуащ" жыпІэныр кьэзэгъыркъым. И анэм и щІэгъэкъуэну Мухьэмэд къэхъуащ. Ар гурыхъэт, техникэм дихьхырт. А зэманым хэт и ныбжьыщІэт лъакъуэрыгъаЖэм сыщэсащэрэт жызымыІэр? Мухьэмэд махуэ псом щысыфынут пщащэу, приемник, патефон, хуэдэхэр зэпкърилъхьэу, зэпкърихьжьу.

Ауэ фІыуэ илъагъу Іуэхум хуеДжэну екъуІлакъым. 1940 гъэм Къатхъэн Мухьэмэд дзэм ирадж, Брест ипщэІэжьІэ щыІэ топгъауэ полкым кьыхохуэз. ЕсэпмкІэ Іэщ щІалэр есэп ищІынуи ягъэув: батареем и топхэр щыуэжІэ тэмэму триуухэну и кьаІэнт. А Іуэхум ар зэрыхуэгурыхуэр нэрылъагъу хъуащ топгъауэхэм я ещанэгъэ зыщІидзам. Зыщагъасэ щІыпІэр Брест гъэмэнэгъуэ щыІэт. Махуэ псом Мухьэмэд къэхъуащ. Ар гурыхуэт, техникэм дихьхырт. А зэманым хэт и ныбжьыщІэт лъакъуэрыгъаЖэм сыщэсащэрэт жызымыІэр? Мухьэмэд махуэ псом щысыфынут пщащэу, приемник, патефон, хуэдэхэр зэпкърилъхьэу, зэпкърихьжьу.

Ауэ фІыуэ илъагъу Іуэхум хуеДжэну екъуІлакъым. 1940 гъэм Къатхъэн Мухьэмэд дзэм ирадж, Брест ипщэІэжьІэ щыІэ топгъауэ полкым кьыхохуэз. ЕсэпмкІэ Іэщ щІалэр есэп ищІынуи ягъэув: батареем и топхэр щыуэжІэ тэмэму триуухэну и кьаІэнт. А Іуэхум ар зэрыхуэгурыхуэр нэрылъагъу хъуащ топгъауэхэм я ещанэгъэ щыІэ щІидзам. Зыщагъасэ щІыпІэр Брест гъэмэнэгъуэ щыІэт. Махуэ псом щІыпІэ щІэныгъэ щыІэт. Ар и лъэныкъуэ щІыпІэ топ

●Футбол

«Спартак-Налшыкым» и гуфIэгъуэ.

Чемпионми бжьыпэр ттрихыфакъым

«Рубин» (Къззан) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 1:1 (0:0). Къззан. «Центральный» стадион. Мэлыжьыхьым и 12-м. Цыху 8 000 еплъаш.

Судьяхэр: КАРАСЕВ. Дроздов, Калугин (псори Мэзкуу щыщыгъ).

«**Рубин**»: Рыжиков, Ансальди, Наваас, Калешин, Орехов, Касаев, Нобоа, Горбанец (Быстров, 46), Натхъуэ, Текке (Муравски, 66), Кабзе (Бухаров, 46).

«**Спартак-Налшык**»: Фредриксон, Амисулашвили, Филатов, Кисенков, Джудович, Леандру, Гогуэ (Бикмаев, 79), Концедалов, Джатэрыв (Маляров, 76), Сирадзе, Патрик (Русич, 69).

Топхэр дагъэкIащ: Нобоа, 59 (1:0). Русич, 87 (1:1).

Дагъуэ хуащIащ Нобоа, Джатэрывэм, Джудович, Кисенковым, Бикмаевым.

ПРЕМЬЕР-ЛИГЭМ и етхуанэ джэгуГуэр зэхуащIыжащ къэралым и чемпионымрэ мыгъэрей зэхьэзэхуэм пашэныгъэр щызыIыгъыр блыщхьэм ирагъэкIуэкIа зэIущIэмкIэ. Мэлыжьыхьым и 12-м «Рубин»-м Къззан щригъэблагъат «Спартак-Налшыкым».

Джэгум и яп э дакъикъэхэм командэхэм я зэпэщIытныгъэр щекIуэкIар джэгуплэ губгъуэм и курт, гъуэхэм екIуэлIэным иджыри Iуэхур яхунэгъэстэкъым. Хэгъэрейхэм я яп э ебгъэрыкIуэныгъэр къыщIэзыдза Касаевым топыр тэмэму итыфакъым икIи ди щIалэхэм абы тынш дыдэу кърагъэгъэзащ.

Зэман дэкIри, «Спартак-Налшыкыр» нэхъ жыдэжр къэхъуащ. Налуэт зихьымэж защIэу ар и лъэныкъуэмкIэ зэрыщымыIэнур, атIэ ебгъэрыкIуэныгъэм къару нэхъыбэ зэрыхухиныр.

Мыгъэрей зэхьэзэхуэр зэрыщIидзэрэ зы топи къызыхудамыгъэкIа «Рубин»-ри ерыщуипэкIэ кIуатэрт. Апхуэдэу ди гъуащхьэхъумэхэм зыбжанэрэ къызэпаудащ Теккерэ Ансальдирэ я ебгъэрыкIуэныгъэхэр. Зэлущ1эм и яп э Iыхьэм икуэм ирихъэлIэу налшыкдэсхэр нэхъ кIащхъэ къэхъуащ, абы къызэкIэ хэгъэрейхэм Iэмал нэхъыбэ яIэ хъуащ Фредриксон и гъуэм екIуэлIэну. Апхуэдэхэм ящыщ зым хэту Калешиным къита топыр къызыIэрыхьа Горбанец пъэщу «Спартак-Налшыкым» и гъуэм кьеуащ. Гъуащхьэтым ерагъыщу ар къызэрищтар. Апхуэдэуи бжьыгэр кьызэIуихыну Iэмал иIащ Текке. АрщхьэкIэ джэгуплэ губгъуэм и щытыкIэ мыщIагъуэм и зэрарэ гъуащхьауэр тэмэму топым техуэхьым икIи Оттэ абы къригъэзэщащ. 21-нэ дакъикъэм Ансальди бжьгъэр кьызэIуих пэтащ. Штрафнойм къыщихьым кьыпуэва гъуащхьэхъумэхэм кьаззэрыпемыкIуэкIыфынур къызыгурыIуа къэзэрадэсхэм я футболистыр пъэщу топым еуащ. Абы здиунэтIа пъэныкъуэмкIэ Фредриксон зидзащ, арщхьэкIэ топыр Кисенковым и щхьэм техуэри, нэгъуэщI пъэныкъуэкIэ пъэтащ, сантиметр зыбжанэкIэ пкъом блэпъэту.

Хэгъэрейхэм я ебгъэрыкIуэныгъэ зэкIэлъхьэужым пэмыльэщ «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм хабзэр щIэх-щIэхьурэ къызэпаудын хуей хъурт. Апхуэдэу яп э Iыхьэм кьриубыдэу дагъуэ къыхуащIащ Джатэрывым, Джудович, Кисенковым.

«Рубин»-р зэрыжьыджэрт. Яп э дыдэу къэзандэсхэм я гъусэу джэгум и пэщIэдзэм кьихьа Натхъуэ Бейбарс и командэщIэм и ебгъэрыкIуэныгъэр иригъэжьащ. Абы Текке и пъэныкъуэмкIэ хита топыр, тырку гъуащхьауэр нэмыс щыкIэ, Амисулашвили кьищтащ.

И командэм и гугъуехь псори псыхэкIуадэ зэрыхъур кьиныгъэри, етIуанэ Iыхьэр щыщIидзэжым Бердыевым футболиститI зэуэ ихъуэжащ.

Нэхъ жыджэру кьыщIадзэжащ ди щIалэхэм зэIущIэр. Дакъикъэ зыбжанэ фIэкIа дэмыкIауэ ебгъэрыкIуэныгъэ псынщIэ къызэрагъэпэщащ напшыкдэсхэм. Леандру кьрита топыр гъуащхьэхъумэхэм яблихри Рыжиковым и гъуэм Патрик лъэщу еуащ, арщхьэкIэ сантиметр бжьыгэкIэ пкъом блэпъэтащ.

Джэгум кьыхыьа Бухаровым «Рубин»-м къаруущIэ кьыхилъхьащ. ЗэкIэлъхьэужьу зыбжанэрэ ар хьэщIэхэм я гъуэм екIуэлIат, ауэ абы ди гъуащхьэхъумэхэм топыр кьытрахырт е джэгуплэ губгъуэм и щытыкIэм и зэрранкIэ езыр адэкIэ кIуэтэфыртэкъым.

Апхуэдэ ебгъэрыкIуэныгъэхэм ящыщ зым ди щIалэхэм топыр губгъуэм ирагъэкIащ. Хэгъэрейхэм угловой кьаташ. Фредриксон щхьэпрыльэта топым Нобоа щхьэкIэ еуэри, бжьгъэр кьызэIуихащ - 1:0.

Яп э ищахэм я лъэр жан къэхъуауэ гупышхуэу зрачащ. ЩытыкIэр зэпIэззэрыщIыжьыкIи мащкIэ, Красножан зэман кIэщIым кьриубыдэу футболистищ ихъуэжащ. ИкIи и мурадыр кьехъулIащ. Русич, Маляров, Бикмаев сымэ ди командэм кьаруущIэ кьыхалъхьэжащ. «Спартак-Налшыкыр» зыхъумэжьныгъэ зэпытым кьыпыкIри щIэх-щIэхьурэ «Рубин»-м и лъэныкъуэмкIэ кIуатэ хъуащ. Апхуэдэу Русич иригъэжьа ебгъэрыкIуэныгъэм хуэфащэ кIэух Леандру иритыфакъым.

ЩытыкIэр иджыри зэрыпхуэгъэзэкIуэжьнур къызыгурыIуэ налшыкдэсхэм къэнэжа зэманым фIы дыдэу къагъэсэбэпащ. Гупышхуэу «Рубин»-м и лъэныкъуэмкIэ зыщIыгъгъэбыда «Спартак-Налшыкым» ебгъэрыкIуэныгъэ псынщIэхэр зэпIэмыууэ кьызэрригъэпэщырт. Абыхэм ящыщ зым Бикмаевым кьита топым япэу Русич нэсыж, икIи лъэщу Рыжиковым и гъуэм еуащ - 1:1. Абдеж кьыщиухащ зэкIэлъхьэужьу джэгуГуэйбл хуэдэ (нэгъабэрей зэхьэзэхуэри хэту) «Рубин»-м топ кьыхудамыгъэкIыфу иригъэкIуэкIа зэIущIэхэм я бжьыгэр. Псори зэхэту ар дакъикъэ 655-м нэсат.

Зэ1ущ1эм кьыщIагъуэ дакъикъэ зыбжанэри «Спартак-Налшыкым» и ебгъэрыкIуэныгъэкIэ екIуэкIащ, арщхьэкIэ бжьгъэм зрагъэхуэжьафакъым. Апхуэдэ щытми, ди щIалэхэм зэхьэзэхуэм щыкIыгъ яп э увыпIэр яфIэкIуэдакъым. Абыхэм кIэщIу яужь кьитщ очко зырахэкIэ къакIэрыху ЦСКА-мрэ «Зенит»-мрэ.

АдэкIэ щыгъуазэ фыдоцI премьер-лигэм хэт адрей командхэм я зэIущIэхэм кьарикIуа бжьгъэхэм: «**Динамо**» (Мэзкуу) - «**Томь**» (Томск) - **0:0**, «**Спартак**» (Мэзкуу) - «**Тэрч**» (Грозный) - **2:1**, «**Крылья Советов**» (Самарэ) - «**Сатурн**» (Мэзкуу область) - **2:1**, «**Алания**» (Владикавказ) - **ЦСКА** (Мэзкуу) - **1:3**, «**Ростов**» (Дон Iус Ростов) - «**Амкар**» (Пермь) - **2:1**, «**Сибирь**» (Новосибирск)- «**Анжи**» (Мэхъачкалэ) - **2:4**, «**Зенит**» (Санкт-Петербург) - «**Локомотив**» (Мэзкуу) - **1:0**.

ЖЫЛАСэ Замир.

Турнир таблицэ

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Спартак-Налшык»	5	3	2	0	10-4	11
2. ЦСКА	4	3	1	0	6-2	10
3. «Зенит»	4	3	1	0	5-2	10
4. «Рубин»	5	2	3	0	4-1	9
5. «Тэрч»	5	2	2	1	6-3	8
6. «Томь»	5	2	2	1	7-5	8
7. «Спартак»	5	2	2	1	7-6	8
8. «Анжи»	5	2	1	2	7-5	7
9. «Амкар»	5	2	1	2	5-4	7
10. «Ростов»	5	2	1	2	6-9	7
11. «Локомотив»	5	2	0	3	7-7	6
12. «Динамо»	5	1	2	2	4-5	5
13. «Крылья Советов»	5	1	0	4	4-10	3
14. «Сатурн»	5	0	3	2	3-5	3
15. «Алания»	5	0	2	3	3-8	2
16. «Сибирь»	5	0	1	4	4-12	1

Мы гъэм яп э топыр зэрыщыхудагъэкIам Рыжиковыр игъэгубжащ.

Зэ1ущ1э нэужьым

КРА СНОЖАН Юрэ,
«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ»

КIэух бжыгъэм арэзы сыкъещI

- Си гуапэ хъуащ икIэмикIэжьым апхуэдэу зэIущIэр зэриухар. Яп э Iыхьэр дыдэрыхуэям хуэдэу едгъэкIуэкIыфакъым. Зыхьымэжьныгъэм куэдыIуэрэ дыхэтащ. Джэгуплэ губгъуэм и кум щхьэзэкъуэ бзнэныгъэ куэд щекIуэкIащ, ауэ кьыдэхъ уIа щыIэкъым. Топ кьытхудагъэкIа нэужь, джэгур нэхъ гъэщIэгъуэн хъуащ. Iэмал зыбжанэ кьытхуэкIуэжащ икIи абыхэм ящыщ зыр фIы дыдэу кьэдгъэсэбэпащ. Схужьыгэнукъым, зэIущIэр командитIым зэныхэзым нэхъыфIу едгъэкIуэкIауэ, абы кьыхэкIэ кIэух бжьгъэри сфIэтэмэмщ.

- Губгъуэм и щытыкIэр зэрымышIагъуэм кьыхэкIыу мы зэIущIэр Налшык щыIэкIыну псалъэмакъхэр щыIа?

- Апхуэдэ кьекIуэкIыкIэми дыхэхьэзэр т.

- «Рубин»-м апхуэдэ Iуэхуклэ зыкъыфхуигъэза?

- Хьэуэ.

БЕРДЫЕВ Курбан,
«Рубин»-м и тренер нэхъыщхьэ

ДиIэ футболистхэм аращ яхуэзэфIэкIыр



- Зэ1ущ1э тэмэм екIуэкIауэ схужьыгэнукъым. Абы кьыкIуа бжьгъэри хуэфэщэнщ.

- Бухаровыр яп э дакъикъэхэм щыщIэдзауэ губгъуэм щхьэ кьымыхьарэ?

- Александр мазаем кьыщыщIэдзауэ лэжьыгъэшхуэ игъэззэщащ, абы кьыхэкIэ ешащ.

- Кабзерэ Теккерэ я джэгуклэм теухуауэ сыт жыпIэн?

- Щ1алэхэм я джэгуклэр сигу ирихьакъым. Зыгъэсэныгъэхэм тэмэму зыкъыщатъэльатъуэ. Щхьэусыгъуэр зэхэдгъэкIынщ.

- Иужьрей зэIущIэхэм фи командэр тэмэму щIэмыджэгум сыт и щхьэусыгъуэр?

- Футболист диIэхэм яхуэщIэнур идогъащIэ. НэхъыфI диIэкъым.

- Семак щхьэ умыгъэджэгуарэ?

- Сергей фэбжь игъэтащ. КьыкIэльыкIуэ зэIущIэм ирихьэлIэу зыкъыжьыкъыну худогъэфащэ.

КЪЭХЪУН Бэч.



●Гъэсэныгъэ

Зэмылъэпкъэгъуми, адыгэбзэкIэ зопсалъэ

Ерэджэныгъэм кIэ Налшык къаIэ департаментым сабий гъэсапIэхэм адыгэбзэмкIэ щригъэкIуэкI семинархэм ящыщ зыт 2-нэ лицейм егъэщIылIа гъэсапIэ №40-м щыIэхэм зэIущIэр.

КъАлЭМ дэт сабий гъэсапIэхэм адыгэбзэмкIэ щезыгъаджэхэм, ЕгъэджэныгъэмкIэ Налшык къаIэ департаментым и лэжьакIуэ **Лы1эщ1ын Людмилэ**, 2-нэ лицейм и унафэщI **Мэхбахъуэ Борис**, абы и къуадзэ, сабий гъэсапIэ №40-м и Iэтащхьэ **Хьэкъул Нинэ** сымэ я пащхьэм дерс зэIуха щитащ гъэсныгъэм Iэнатlэм куэд щIауэ зэрыт **Къаржь Тамарэ.**

Тамарэ къызэригъэпэщащ зэIущIэр хухихат адыгэ илъэсыщIэм - гъэрэ щIырэ щыIэхэкI махуэм. Сабий щIыкIуэхэр зыкъэгъэльэгъуэныгъэр дэрэжэгъуэншэу екIуэкIынт?! ХьэщIэхэм фIэхъус псалъэкIэ захуигъэза нэужь, Къаржьым и гъэсэнхэр утыку кьрищащ. Республикэ зэмылIэужьыгъуэхэм кьыкIа хуэдэу утыку кьихуа ныбжьыщIэхэм шыгъу-пIастэ яIыгът.

Кърахьэжьа Iуэхум теухуауэ абыхэм хъуэхъу дахэхэр яIэтащ, бзэ щэрыуэ зэрарыпльыр ягъэльэгъуэу усэхэм къеджащ, уэрэдхэр жаIащ.

Адыгэ, урыс, балькъэр, шэшэн сабийхэр я анэдэлъбзэхэмкIэ кьызэджэ усэхэм удахьхьрт, ауэ кьызэхуэсхэм яфIэтелъыджэ хъуащ абыхэм зэгъусэу адыгэ уэрэдхэр, хъуэхъуэхэр зэрыжаIар. Адыгэ сабийхэм анэдэлъбзэр ягъэшIэрыуэным егупъу егъэджакIуэхэм фIыщIэ яхуэфащэщ, ауэ нэгъуэщI лъэпкъ кьахэкIа цIыкIуэхэм адыгэбзэ езыгъащIэ гъэсакIуэм и зэфIэкIыр кьыпхуэмылытэныкъ хуэзащI.

Сабийхэм я утыку итыкIэр зригъэлъагъуну кьахьыха Сэтэней гуащэ (гъэсакIуэ Дол Заретэ) цIыкIуэхэм усэхэмрэ уэрэдхэмрэ жраIащ. МафIащхэтыхым джэд фIыщIэ кьахьу къэкIуэн хуея дзэгъэ нанэрэ ахэр екъуэ щыIэхэхым, Сэтэней джэгу зэхуабдэу кьыхилъхьащ - пшынэм и бзэрабзэ макъыр зэхадзэ, нэхъ псынщIэу дыкьаГъэтынщ жьхуИэу. Абдежи кьыкIуэтакъым Тамарэ и гъэсэнхэр - пшынаэм кьригъэкI макъамэ дахэм екIуу кьыдэфащ икIи, Сэтэней зэрыжаIдэу, джэгур кьыщыхэщIэплъэм дадэмрэ нанэмрэ кьещащ.

Нанэ (Щоджэн Заремэ) зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ адыгэ илъэсыщIэкIэ зэдзэ махуэщхуэр кьызэрежьам, абы пыщIа хабзэхэм. Дади (Мэржэхъу Руслан) щIалэхэр зэшу щигъэсакIыным, чыжьэ зэпекIу игъэджэгуащ. Сабийхэм дадэрэ нанэрэ ирагъэлъэгъуащ я къэфэкIэри уэрэд жьгъэкIри. Анэм нэхъ лъапIэ зэрыщымыIэр кьыхуэщ абыхэм жаIа уэрэдри уха6жьу яГу дыхьащ адашхуэ-анэшхуэми хьщIэхэми.

Апхуэдэ теплъэгъуэ дахэ зи нэгу щIэкIа гъэсакIуэхэр зэIущIэм и кIэуэм зэхэтIысхьэри, я гупсысэжьмэ зэхъуэжащ, я Iуэху епльыкIэхэр кьаIуэтащ. Псоми зэдзарэзыуэ кьыхагъэщащ Къаржь Тамарэ дерсым щIэщыгъуэгъ куэд зэрыхилъхьар, сабийхэм ябгъэдыдыкIэ гъэныкъэмрэ щIэныгъэмрэ гъунэ зэримыIэр.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замир.

Къаржь Тамарэ щIыкIуэр псалъэкIэ дехьх.
Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Эдинэ** *трихащ.*

Дахэмрэ фIымрэ щIапIыкI

●Щэнхабзэ

Прохладнэ районым Щэнхабзэмкlэ и унэм иджыблагъэ щекIуэкIащ щIыпIэм щыIэ курыт еджапIэхэм егъэбыдылIауэ лажьэ «Дэ дыззэгъусэщ» сабий Iуэхущ1апIэм хьихьэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лпэ фестиваль. «УФ-м и щIыхуэхэр хэкур фIыуэ яльагъуэ гъэсэн» къэрал программэм и зы Iыхьэ зэIущIэр къызэрагъэпэщащ Егъэджэныгъэмкlэ управленэмрэ (и унафэщIыр Клешня Ларисэщ) Сабий творчествэмкlэ район центрымрэ.

ПРОХЛАДНЭ районым «Дэ дызэгъусэщ» и сабий Iуэхущ1апIэм и унафэщI Ахъмэт Еленэ тепсэлъыхьащ Сабий Iуэхущ1апIэм я федерацэр мы гъэм илъэс 15 зэрырикъум. Мы дунейпсо зэгухьэныгъэр «Зэмыщхьу, ауэ зэхуэдэу» кьыхуеджэныгъэм щIэтщ, Iуэхуфlэр зэрахъумэным, зэрагъэбгъэным хущIэкъуу, нэхъыжьхэмми нэхъыщIэхэмми гупыгъэ хуащIу зэрылэжьэным яужь итщ. ИджыпстукIэ абы дуней псом кьыщызэщIеубыдэ цIыху мелуани 4-м щIигъу.

Фестивалым хэта сабий Iуэхущ1апIэхэм я лэжьыгъэхэр (я IэдакъэщIэхэмкIэ комиссиер презентацIэр, сурэту щIа я дамыгъар, уагъэ-щыгъэр, траха сурэтхэр, яГъэхъэзыра тхыгъэхэр, нэгъуэщIхэри) зыхуэдэр кьапщытащ. Зэхьэзэхуэм хэтащ сабий зэгухьэныгъэу 10-м я гъэсэн щIалэ, хьыджэбз цIыкIухэр. Литературэ-макъамэ лэжьыгъэу, театр теплъэгъуэу компьютеркIэ кьагъэлъэгъуахэм ептIри, кьэпщытакIуэ Гу1пым нэхъ гъэщIэгъэуну, купщIафIэу кьиныгъащ «Гъащ1э насыпыфIэ» (Заречнэ кьуажэ), «Насып» (Альтуд), «Кьежьапlэхэр» (Псышокъуэ) сабий Iуэхущ1апIэхэм я гъэсэн цIыкIуэхэм ящIахэр. УкъыщащIэхуэ лъэхэр фIыуэ лъагъунэр. Хэку зауэшхуэм щыгъуэ ди щIыналъэр зыхъумахэм пщIэщхуэ зэрыхуэщIыпхъэр – яращ а лэжьыгъэхэр зытеухуар. Щэнхабзэ хьугъуэфIыгъуэхэр хъумэным, зэгъуэнгъуэу псэу лъэпкъхэм зыш адрейм и хабзэхэм пщIэ зэрыхуищIыкъым. ахэр зэгурыIуэрэ зэдзIэжу, зэкъуэту, зэныбжьэгъуу псэун зэрыхуейм тепсэлъыхьащ благовещенскэ къуажэм и «Лэгъупыкъу», Екатеринградскэ станицым щыщ «КъэщIэрэщIэжьныгъэ», Къэрэгъэщ къикIа «Хасэ» зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр. Щ1ыуэпсым, уэныщIагъэмкIэ абы иIэ мыкъэнэм я гугъу ящIащ «Щ1алэ цIыкIуэхэмрэ хъыджэбз цIыкIуэхэмрэ я лъахэ» (Дальнэ къуажэ), «Лэгъупыкъу» (Учебнэ), «Сэ дунейр кьызэIузох» (Альтуд) Iуэхущ1апIэхэм щыщ сабийхэм. Къэрэгъэщ щыщ «Хьэтхэм я дыгъэпэ щIыналъэ» зэгухьэныгъэм хэт ныбжьыщIэхэм я лэжьыгъэ псом нэхърэ нэхъыфIу, нэхъ щIэщыгъуэу кьалъытащ. Кьызэхуэсахэр хьэтхэм я дунейм щызыгъэгъуэза ныбжьыщIэхэм зэхьэзэхуэм яп э увыпIэр кьыщахьащ.

Фестивалым щыкIуэхэмрэ абы хэта ныбжьыщIэхэмрэ щIыхь тхыльхэмрэ саугъэтхэмрэ ираташ. Сабий творчествэмкIэ районым центрым хьихь гупхэм я концерт кьызэхуэсахэр ирагъэплIащ.

ЛУПЫРЁВЭ Ириня.

●КъБР-м щыIэ МВД-м

ЩытыкIэр къызэщIэмыплъэн щхьэкIэ

Прохладнэ район ОВД-м зэхэтхьэкI Солдатскэ станицэмрэ Къэрэгъэщ къуажэмрэ я щколакIуэхэм яку кьыдэхуа зэпщфыпIэныгъэр. А зэзэуэм Солдатскэм щыщ ныбжьыщIитIым фбжь щагъэтэн.

ЗЭНЫКЪУЭКЪУР зэхэзышахэр зэрагъэщIащ икIи абыхэм яхьыну зэуапIныгъэр зыхуэдэр яубыдыу.

Фигу къэдгъэкIыжинщи, КъБР-м и МВД-м хэхауэ и нэIэ щIигъэуващ мэлыжьыхьым и 7-м екIуэкIа щIыпIэ топджэгу команд эхэм я зэIущIэ нэужьым Прохладнэ куейм хьихь Альтуд къуажэмрэ Янтарнэ жылагъуэмрэ я щIалэгъуалэм яку кьыдэхьуа зэзауэр. ЛъэныкъутIыми дей зытехьахэр щыIэщ.

Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ министру КъБР-м щыIэ щIахуэфащэ Iэнатlэхэм кьулыкъу къэпщытэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыну, милицэм и дзэкъаГуэхэм я жэуапIныгъэр зыхуэдэр кьахутэну кьалэн ящищащ.

Учет-регистрацI дисциплинэр къызэпызыуда, къэхъуар щатхьм хабзэм ипкъ иткIэ зэныкъуэкъур и чэзум къэзымыгъэувыIа щIыпIэ участковэ инспекторхэр къэзэщIыгъуэ ныкъуэхэр зэфIэкIыху я къудыкъу кьалэнхэм пэрагъэкIащ.

Льэпкъ зэпщIэуэвэныгъэм теухуауэ жаIэхэм лъабжьэ IурэмыIэр, дзиэкIэ апхуэдэ Iуэху мыщхьэпэхэр къэмыгъэхъун, щытыкIэр нэхъри гугъу хъуныр кьызэпыудын папщIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэм теухуауэ КъБР-м и МВД-м и лэжьакIуэхэр Альтуд, Янтарнэ, Къэрэгъэщ, Солдатскэ жылагъуэхэм, Прохладнэ районым и администрацэм яIуэIэнущ.

КЪАСЭ Мариет.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жыласэ Заурбэч(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхьу Маринэ**(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ),**Ширдий Маринэ**(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Гъущ1о Зариф, Къардж Маритэ, Ныбжьэ Таисэ, Хьэжыкъаирэ Алик.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ещIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМ ЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм я дэлэжьэныкъуэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пресмэхэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериим 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; сурэтчэхым - 42-75-78.

Тедджэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщIэта Iуэхуэгъуэхэм я пэжагъэмкIэ ахэр зытхахэм нэсу ахэуан яхь. Авторхэмрэ редакцмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэу зэныту щытыкIым. Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ и щIэ дэтыщ КъБР-м федеральнэ нощт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щIэныкIэ жэуап ещхьу КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Тел.: 42-69-34.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №П-0065-м щIигу иГэщащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору Нэщ1эпыдзэ Замир, корректорхэу Щоджэн Нинэ *(1, 4-нэ нап.), Цей Заирэ (2, 3-нэ нап.),* корректорхэм я дзэныкъэгъу Иуан Заирэ. *Компьютерхэм газетым и тепльэр ящIащ* Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *сурэтыщI* Бицу Жанэ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531●Тираж 10.125●Заказ №1019